# FONDASYON AK ANGAJMAN DEBAZ
## OBJEKTIF AK BI DISTRI LEKÒL LA

**Plan Jesyon ki Baze sou Pèfòmans Distri a**

Pandan y ap adopte plan Jesyon ki Baze sou Pèfòmans Distri a ki lye objektif distri a ak nòm pèfòmans ak endikatè kalite yo, Komisyon Lekòl Providence lan genyen entansyon pou etabli yon estrikti ki siyifyan epi ki mezirab pou akonpli vizyon distri a, pou akonpli misyon li a, epi akonpli objektif li yo.

**Objektif yo**

1. **Akonplisman Elèv la**
   Ogmante Akonplisman Elèv la atravè yon konsantrasyon ki koyeran epi global sou ansèyman ak aprantisaj.
2. **Ranfòse Kapansite atravè yon Enfrastrikti Sipò** Kreye kapasite nan sistèm pou sipòte ak nouri yon anviwònman aprantisaj kontini sou akonplisman elèv la.
3. **Ranfòse Angajman Paran ak Angajman Kominote a**

**Nòm**

1. Genyen gwo pwogrè nan akonplisman elèv la pou tout popilasyon elèv yo ki soti nan yon konsantrasyon nan tout sistèm nan sou ansèyman ak aprantisaj wot kalite.
2. Sistèm nan sipòte ansèyman ak aprantisaj wot kalite yon efikas pou amelyore akonplisman elèv la.
3. Sistèm nan fèt pou fasilite ak pou sipòte yon òganizasyon aprantisaj ki genyen gran pèfòmans.
4. Sistèm nan baze sou done ak responsablite.
5. Genyen yon distribisyon resous ki apwopriye epi ekitab pou sipòte travay ki nesesè pou amelyore akonplisman elèv la.
6. Paran yo ak manm kominotè yo vrèman angaje pou sipòte ansèyman ak aprantisaj de kalite epi pou amelyore akonplisman elèv la pou tout elèv Providence yo.
7. Kominikasyon ki klè, koyeran epi konplè.

**Referans Legal**

**Istorisite** Politik la Apwouve: 21 Oktòb 2003 Rezolisyon 10-21-03